

Ede konsomatè yo konprann vèsman transfè yo

Lwa federal pwoteje konsomatè ki voye vèsman transfè yo. Pou rezon lwa a, vèsman transfè yo gen ladan pifò transfè lajan elektwonik plis pase \$15 ke konsomatè ki nan Etazini yo voye bay moun k'ap resevwa nan lòt peyi yo.


Moun k'ap resevwa yo ka gen ladan zanmi, manm fanmi, oswa biznis. Yo konnen vèsman transfè yo tou kòm fil entènasyonal, transfè lajan entènasyonal, oswa jis vèsman/anvwa.

Founisè vèsman transfè yo

Daprè lwa federal ki pwoteje konsomatè k'ap voye voye transfè yo, yon founisè vèsman transfè se yon konpayi ki fè transfè lajan elektwonikman pou konsomatè ki nan Etazini yo bay moun ak biznis nan lòt peyi.

Founisè vèsman transfè yo enkli anpil transmetè lajan, bank ak kredi inyon, epi pètèt lòt kalite konpayi sèvis finansye yo.

Pwoteksyon lwa federal sa a aplike sèlman pou transfè ki kalifye kòm vèsman epi ke founisè vèsman transfè yo voye yo.



Transfè ki garanti yo

- Yon transfè lajan kouvri si li plis pase \$15 yon konsomatè ki nan Etazini voye bay yon moun nan yon lòt peyi atravè yon founisè vèsman transfè.

Transfè ki pa garanti yo

- Yon transfè lajan ke yon moun voye bay yon moun ki nan Etazini atravè yon founisè vèsman transfè pa ta dwe garanti paske transfè a pa yon transfè lajan entènasyonal.
- Konpayi ki toujou voye 500 oswa mwens vèsman transfè nan yon ane yo pa kalifye kòm founisè vèsman transfè epi yo pa garanti pa lalwa.

Konsomatè yo gade depans yo anvan yo peye yo

Konsomatè yo gade enfòmasyon ki gen ladan kantite lajan yo dwe transfere yo, pousantaj echanj lan, frè founisè a chaje, taks founisè a kolekte, ak kantite lajan yo espere dwe delivre aletranje (sa pa enkli taks oswa frè ki ka kolekte sou bò k'ap resevwa a). Konpayi an ta ka oblige bay enfòmasyon an nan lang yo te itilize nan materyèl maketing yo oswa lè yo te fè tranzaksyon an, osi byen ke nan lang anglè.

Enfòmasyon yo gratis epi konsomatè yo pa gen okenn obligasyon pou yo kontinye ak transfè a yon fwa ke yo resevwa enfòmasyon yo.

Kisa k'ap pase anvan peman an

Pou pifò transfè, yo dwe bay enfòmasyon alekri anvan konsomatè a peye pou transfè a. Pou pifò transfè, kantite lajan yo divilge yo dwe egzak, men nan kèk ka yo ka fè yon estimasyon. Enfòmasyon an gen ladann:

- Pousantaj echanj lan
- Frè ak taks konpayi an kolekte
- Lòt frè ki enplike nan pwosesis transfè a
- Kantite lajan yo prevwa pou yo delivre, san yo pa enkli taks etranje oswa sèten frè yo mande moun k'ap resevwa a
- Si sa apwopriye, yon deklarasyon ke lòt taks ak frè etranje yo ka dedwi nan vèsman transfè a

Kisa k'ap pase nan moman pèman an

Founisè vèsman transfè yo oblige tou bay enfòmasyon sa yo nan resi yo bay konsomatè yo:

- Enfòmasyon sou pousantaj echanj, frè ak taks ki koresponn ak kantite lajan founisè lajan an te bay sou deklarasyon pre-pèman an.
- Kilè lajan an ap disponib pou moun k'ap resevwa a
- Dwa moun k'ap voye a pou'l anile transfè a
- Kisa pou w fè nan ka gen yon erè
- Fason pou w soumèt yon plent

Founisè vèsman transfè yo jeneralman gen opsyon pou bay tout enfòmasyon yo mande yo nan yon sèl deklarasyon anvan pèman an fèt. Si enfòmasyon aktyèl transfè a diferan epi deklarasyon anvan pèman an pa kòrèk, konsomatè a dwe resevwa yon deklarasyon korije.

Konsomatè yo jeneralman gen jiska 30 minit aprè yo fin peye pou transfè a pou anile tranzaksyon an, osi lontan ke yo pa ko pran lajan an pa moun k'ap resevwa a oswa li pa te depoze nan kont moun k'ap resevwa a. Si yo pwograme yon vèsman transfè plis pase twa jou ouvrab nan davans, li ka anile si founisè a resevwa demann anilasyon an jiska twa jou ouvrab anvan dat transfè a pwograme a.

Si yon bagay ale mal avèk yon vèsman transfè

- Konsomatè yo ka konteste yon erè jiska 180 jou apati de dat founisè transfè lajan an te di lajan an t'ap disponib la.
- Lè sa a, konpayi an gen 90 jou pou mennen yon ankèt sou zafè a epi li dwe bay konsomatè a rezulta envestigasyon an. Si yon erè te fèt, konsomatè a kapab jwenn yon ranbousman oswa fè yo voye lajan an ankò..

Sa a se pa yon lis konplè sou pwotection yo bay nan lwa federal la. Lòt pwotection ka disponib tou pou konsomatè yo, tou depann de lwa nan eta yo.

Konsènan CFPB a

Biwo Pwotection Finansye Konsomatè (CFPB) se yon ajans 21yèm syèk la k'ap ede machine finans konsomatè yo travay lè li fè règleman yo pi efikas, nan fè respekte règ sa yo san patipri, epi bay konsomatè yo pouvwa pou yo pran plis kontwòl sou lavi ekonomik yo.

Aprann plis nan consumerfinance.gov

Konekte avè nou

-  Soumèt yon plent consumerfinance.gov/complaint
-  Rakonte istwa w consumerfinance.gov/your-story
-  Mande CFPB consumerfinance.gov/ask-cfpb
-  Pataje panse w yo facebook.com/cfpb
twitter.com/cfpb



Consumer Financial
Protection Bureau

Aprann plis nan consumerfinance.gov

3 / 3

12/2021